

LOJMAN PIBLIK AK DEVLOPMAN KOMINOTÈ (PHCD)
 OUVÈTI PWOGRAM BON POU CHWA LOJMAN SEKSYON 8 (HCV)
 PWOSESIS SOUMISYON APLIKASYON SOU ENTÈNÈT 2024

Nou fè tout moun konnen Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè Konte Miami-Dade (PHCD) pral **aksepte aplikasyon sèlman sou entènèt pou Lis Datant Pwogram Bon Pou Chwa Lojman Seksyon 8 (HCV) 2024 li a**, an akò avèk règleman Depatman Lojman Etazini ak Devlopman Iben (HUD).

Pwosesis soumisyon aplikasyon Bon Pou Chwa Lojman Seksyon 8 2024 la (HCV) ap kòmanse **lendi 5 fevriye 2024 a 12:00 am (minwi)** epi li ap fini **lendi 19 fevriye 2024 a 11:59 pm**. Yo pap aksepte okenn aplikasyon anvan oswa aprè peryòd sa a. Aplikasyon an va disponib nan lang anglè, kreyòl ak espanyòl.

QR KÒD

APLIKE POU LIS DATAN HCV SEKSYON 8 LA GRATIS. Nou va aksepte aplikasyon sou ENTÈNÈT SÈLMAN nan <https://miamidadevoucher.myhousing.com> **oswa lè moun itilize Kòd QR nou bay nan avi sa a.** Moun ka soumèt aplikasyon sou òdinatè, tablèt, telefòn entelijan, oswa nenpòt lòt aparèy ki konekte sou entènèt. Pwosesis soumisyon sou entènèt la pèmèt moun aplike nenpòt lè oswa nenpòt kote yo santi yo alèz kèlkeswa orè travay yo, epi sa elimine nesosite pou yo ale kanpe nan liy byen long.



PA P GEN APLIKASYON SOU PAPYE KI DISPONIB, NOU PA P AKSEPTE APLIKASYON SOU PAPYE.

Si ou pa gen aksè a entènèt oswa yon aparèy pou w konekte ak soumèt aplikasyon an epi ou bezwen asistans pou w ranpli aplikasyon w lan an sou entènèt, ou ka ale nan nenpòt nan kote ki endike anba a ant 5 fevriye 2024 e 19 fevriye 2024, lendi rive vandredi, soti 9:30 am rive 5:30 pm, eksepte jou ferye, oubyen ou ka rele 311 pou enfòmasyon. Ou ka soumèt yon aplikasyon sou entènèt nenpòt ki lè pandan peryòd soumisyon aplikasyon an ouvè sou entènèt la. Nou ankouraje w vizite sit entènèt PHCD a nan <https://www.miamidade.gov/housing> pou lokal ak/oswa enfòmasyon adisyonèl.

Biwo / Sant – Zòn	Adrès
Bibliyotèk prensipal - Zòn Anba Lavil	101 West Flagler Street, Miami, FL 33130
Bibliyotèk rejyonal North Dade	2455 NW 183 Street, Miami Gardens, FL 33056
Bibliyotèk Rejyonal Westchester	9445 Coral Way, Miami, FL 33165
Bibliyotèk Rejyonal South Dade	10750 SW 211 Street, Cutler Bay, FL 33189
Bibliyotèk Rejyonal Miami Beach	227 22 nd Street, Miami Beach, FL 33139
Bibliyotèk West Flagler Branch	5050 W. Flagler, Miami, FL 33134
Curtiss e-Bibliyotèk - Vil Hialeah	501 E. 4 th Avenue, Hialeah, FL 33010
Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal - Accion	970 SW 1st Street, 4th Floor, Miami, FL 33130
Aksyon Kominotè ak Sèvis Imen – Culmer	1600 NW 3rd Avenue, Miami, FL 33136
Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal - Edison	150 NW 79th Street, Miami, FL 33150
Aksyon Kominotè ak Sèvis I Sosyal - Florida City	1600 NW 6 th Court, Florida City, FL 33034
Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal - Frankie S. Rolle/Coconut Grove	3750 South Dixie Highway, # 117, Miami, FL 33133
Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal - Rev. Edward T. Graham/Miami Gardens	16405 NW 25 th Avenue, Miami Gardens, FL 33054
Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal - Naranja	13955 SW 264 th Street, Naranja, FL 33032

Tout aplikasyon ki ranpli e ki soumèt pandan peryòd soumisyon aplikasyon an ouvè sou entènèt la, yo va gen menm opòtinite pou otomatikman antre nan yon pwosesis owaza ki fèt sou òdinatè, kèlkeswa dat oswa lè yo soumèt. **Soumèt yon aplikasyon pa garanti plasman sou lis datant HCV Seksyon 8 la. Se sèlman 5,000 aplikasyon yo va chwazi pou plasman sou lis datant sa a.** Nan moman seleksyon an, Aplikan (yo) dwe ranpli kondisyon pwogram yo ak limit revni pou konpozisyon kay la te etabli pa Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD). Limit revni 2023 yo se jan sa a:

Kantite moun ki nan Kay la	1	2	3	4	5	6	7	8
Revni Anyèl 2023	\$36,150	\$41,300	\$46,450	\$51,600	\$55,750	\$59,900	\$64,000	\$68,150

PREFERANS: Yo pral chwazi aplikan (yo) ki bay yon nimewo klasman dapre kategori preferans sa 1) Anile akòz Finansman Ensifizan pa PHCD; 2) Deplasman akòz Dezas Natirèl; 3) Deplasman akòz Aksyon Gouvènman an; 4) San kay; 5) Veteran; 6) Endikap Preferans; epi 7) Preferans Rezidans Konte Miami-Dade.

NOU VA AKSEPTE SÈLMAN YON (1) APLIKASYON PA KAY!

Fanmi ki soumèt plis pase yon (1) aplikasyon oswa ki fè fo deklarasyon oubyen fè deklarasyon pou twonpe moun ap diskalifye. Fanmi nou chwazi pou lis datant la ap resewva notifikasyon ki sòti nan PHCD. Nou pa p fè okenn lòt notifikasyon.

Akomodman rezonab:

Moun ki andikape yo kapab mande asistans pou ranpli aplikasyon an lè yo kontakte biwo pwogram HCV Seksyon 8 la nan (786) 654-8440 ant 8:00 am e 5:00 pm, lendi jiska vandredi, eksepte jou ferye.

PHCD pa fè diskriminasyon dapre ras, sèks, koulè, relijyon, eta sivil, orijin nasyonal, andikap, zansèt, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl oswa ekspresyon seksyèl, sityasyon kòm yon viktim vyolans domestik, vyolans mennaj, oswa asèlman, sous revni, laj, gwosès oswa sityasyon famillal, nan kad aksè, admisyon, oswa travay nan pwogram oswa aktivite lojman. Si ou bezwen yon entèprèt lang siy oswa materyèl nan fòma aksesib pou evènman sa a, rele 786-469-2155 omwen senk jou davans. Itilizatè TDD / TTY ka kontakte Sèvis Relè Florid (Florida Relay Service) nan 800-955-8771.